- CITRAYATNA : *Kados Dewi Renuka, garwanipun Begawan Risanggeni.*
- HERIWADI : *Hahaha, bener. Aku mung gumun klawan Renuka, ingatase wus ginarwa dening yayi Resi Risanggeni, nanging teka-teka kok banjur soroh jiwa raga. Hm.. aku kudu piye Patih?*

- CITRAYATNA : *Sinuwun, saking panginten kula badhe mboten sae menawi panjang dinudud, jer lekasipun renuka mangke badhe ngucemaken asma paduka.*
- HERIWADI : *Kaya bener aturmu patih, malah iki mau Kancing gelung kang dianggo dening Renuka ndelalah keru ana kene. Lamun jenengingsun pribadi kang mrepegi unggyane, yekti bakal gawe wirange wong Jatisrana. Mula kang saka kuwi, tulung kancing gelung iki balekna nyang Renuka. Aja dina iki, nanging 3 dina maneh saka kalungguhan iki, kareben kahanane dadi lerem ya tih.*
- CITRAYATNA : *Ngestokaken dhawuh sinuwun.*
- HERIWADI : *Iya yayi panemban, pambage wus sun tampa, ora liwat taklimku muga tumanduk ing kaluwarga Jatisrana sagotrah. Diagung pangaksamamu lamun tekaku ing kene yekti agawe kagyating penggalihe siadhi.*
- RISANGGENI : *Nuwun inggih Kaka Prabu, menawi keni winedhar ing akathah, menapa menggah darunanipun?*
- HERIWADI : *Aku dak takon, tumrapping siadhi, watake pandhita lan ratu ngenani bab pranatan ukum kuwi kepriye?*
- RISANGGENI : *Sama beda, dana dhendha.*
- HERIWADI : *Lire?*
- RISANGGENI : *Adil nglampahaken rodhaning paprintahan, nadyan tiyang sanes menawi kagungan lelabuhan mring negari pantes pinaringan nugraha, kosok wangsulipun nadyan maksih kadang nak sanak, menawi ta damel kalepatan kedah kapidana satraju lan gencing tumindakipun.*

Iringan *srepeg laras slendro pathet nem*, Citrayatna menyembah, menerima *kancing gelung*. Citrayatna *dientas* ke gawang kanan, Heriwadi pindah ke gawang kiri, tampil membesar karawitan *seseg lalu suwuk*, Heriwadi tertawa:

HERIWADI : *Hahahahaha, hahahaha, hahahaha !!!*

Iringan *sampak slendro pathet nem*, Heriwadi *dientas* ke gawang kanan. Suasana *kayon*, *suwuk nggandul*. *Pathetan koor Sinom Rakit* oleh *wiraswara*, tampil Risanggeni dari gawang kanan, bayangan membesar lalu tancep di gawang kanan gedebog atas posisi tangan semedi, selesai *pathetan koor* karawitan menjadi *Ladrang Sinom Rakit laras slendro pathet nem*. Tampil Heriwadi dari gawang kiri, *sembah karna* lalu tancep di gawang kiri gedebog atas, iringan *sirep*, menjadi *Ayak Anjang Mas slendro pathet nem, ginem*:

RISANGGENI : *Hyang Sukmana mangadi luwih mugya ngayomana jagat sakalir. Mangke ta mangke Kaka Prabu Herywadi, njanur gunung kadingaren, jengandika rawuh*

*Ada-ada slendro pathet nem jugag,*  
Heriwadi *ngelus dhadha.*

- HERIWADI : *Jumbuh klawan angen-angenku, Yayi, mesthine iki dadi barang wadi nanging gandheng jenengsira maksih kaprenah adhi, mula gelem ora gelem kudu dak jarwani.*
- RISANGGENI : *Bab menapa menika Kaka Prabu?*
- HERIWADI : *Renuka tumindak seddheng astralungiyon klawan Patih Mahespati, si Citrayatna. Aku weruh kanthi mripatingsun dhewe!*

Iringan Komposisi *Tembang Megatruh Keblat Papat slendro pathet nem*, dengan instrumen tambahan kecapi, chimes, dan suling.

Risanggeni dicabut lalu *ngelus dhadha*, membesar kemudian tancep membelakangi Heriwadi. Tampil bayangan Renuka ditutup *kayon hakekat* dari dalam tubuh Risanggeni, lalu *dientas* ke gawang kanan, iringan *sirep* dilanjutkan *ginem*:

RISANGGENI : *Re..renuka!*

HERIWADI : *Kosik, sarehna atimu. Aja percaya tembung jarene, mundhak sisip nggonmu nandukake kawicaksanan. Nanging aku wis kaduk apal lageyane Citrayatna, anggone tumeka ana unggyane yayi Renuka, mbarengi lan dina sukra kasih nedheng-nedhenge siadhi mangun samadi. Mula kang saka kuwi, sukra kasih sesuk iki dakjaluk lerena sedina wae anggonmu yoga brata, goleka sisik melik bakal ana tekan Citrayatna ing papan patenggane si Renuka.*

RISANGGENI : *Inggih, Kaka Prabu. Matur nuwun sanget.*

HERIWADI : *Tak kira siadhi ora bakal tumpang suh anggone nandukake pakarti ya yayi, wis aku njaluk pamit.*

Selesai *ginem* iringan *udhar* menjadi *Srepeg Sembah Gusti slendro pathet nem*. Heriwadi dan Risanggeni dicabut lalu berjalan bersamaan ke gawang kiri, Heriwadi di *entas* ke gawang kiri karawitan *suwuk*, tampil Bargawa dari gawang kanan, tancep di gawang kanan gedebog atas, dilanjutkan *ada-ada Tlutur slendro pathet nem (cengkok Ki Joko Purwo Pandoyo)*, selesai *ada-ada* iringan menjadi *Srepeg Tlutur laras slendro pathet nem, sirep* kemudian *ginem*:

RISANGGENI : *Putraningsun ngger, Jamadagni.*

BARGAWA : *Ana Dawuhmu apa Rama Panemban?*

RISANGGENI : *Ana pakabaran kang ndadekake kagyating atiku, sapungkure wakmu Prabu Heriwadi iki mau.*

BARGAWA : *Wa, sajak ana bab kang wigati, ana kabar apa?*

RISANGGENI : *Bargawa, gandeng kowe minangka jaksa kang njejegake lakuning ukum ing Mahespati, aku bakal nakyenake, ukuman apa kang pantes tumraping wong badrek jinah tumindak sedheng !!!*

BARGAWA : *Sing lanang dipateni, sing wadon dikisas nyawane. Sapa kawula Mahespati kang tumindak kaya mangkono?*

RISANGGENI : *Renuka, Ibumu dhewe.*

Iringan *Sampak Tlutur slendro pathet nem*, Bargawa dicabut kemudian *tancep* di gawang kanan, iringan *suwuk, ginem*:

BARGAWA : *Sapa sing kanda?*

RISANGGENI : *Anut pangandikaning kakang Heriwadi, kabare sedheng klawan patih Mahespati, Citrayatna.*

BARGAWA : *Aku ora kepengin grusa-grusu. Kabeh sing dadi bukti nyatane.*

RISANGGENI : *Lamun mangkono aku titip lelakon iki. Kepriye wusanane aku manut klawan kawicaksananmu.*

BARGAWA : *Ya, aku njaluk pamit.*

Iringan *sampak slendro nem seseg*, Bargawa menyembah *dientas* ke gawang kiri, Risanggeni *dientas* ke gawang kiri. Suasana *kayon* iringan *singget* menjadi Komposisi *Sambat Sebut slendro pathet nem*. Renuka keluar dari dalam *kayon dientas* perlahan ke gawang kanan, tampil kembali dari gawang kiri kemudian *tancep* di gawang kanan di depan *kayon*, dilanjutkan *janturan*:

*Wanci madya ratri dhasare Sukra kasih winanci. Pertapan Jatistrana kawistingal samun mung swaraning canthuka ing balumbang mangungkung ambal-ambalan. Wau ta sang Renuka, nedheng lelumban ing gisiking lamunan, maksih geter kanang jantung gawang-gawang lelampahanira sang Heriwadi. Kagyat sothahing*

*tyas, dupi mulat praptaning Patih Citrayatna, kinira utusaning sang yama arsa anjabel yitma.*

Selesai *janturan* iringan menjadi *Lancaran Kebo Giro Tlutur laras slendro pathet nem*, datang Citrayatna dari gawang kiri, *kayon dientas* ke gawang kiri, Citrayatna tancep di gawang kiri gedebog atas, iringan *seseg, sirep, ginem*:

RENUKA : *Dalu panglong wancinipun paduka ingkang rawuh, kanjeng patih. Bekti kula katur.*

CITRAYATNA : *Iya Renuka, sing gedhe pangapuramu anggonku teka lumantar lawang butulan. Awit dak ongak korining pacrabakan menep, sajake kakang begawan lagya lelangen ing pasemedan. Awit dina iki aku diutus klawan Sinuwun Prabu Heriwadi, supaya ngaturake kang cicir wingi, kancing gelung iki tampanana Renuka.*

Sesesai *ginem*, iringan menjadi *Gantungan Kancing Gelung laras slendro pathet nem*, dilanjutkan *pocapan*:

*Tan kadya kang lagya wawan pangandikan, kang amping-amping wit gendhayakan, siyaga sang Bargawa mulat praptaning Patih Citrayatnya kang kapetang andupara. Anyandhak kanang Parasu, den babitake tumama angga, ludira mancur sumembur akasa!!!*

Tampil Bargawa menebas Citrayatna, iringan menjadi *Sampak Cegatan slendro pathet nem*. Iringan *sirep*, dilanjutkan *ginem*:

RENUKA : *Jamadagni kowe geneya ???*

Iringan *udhar*, Bargawa membopong Renuka kemudian *dientas* ke gawang kiri. Tampil Bargawa dan Renuka dari gawang kanan, kemudian *tancep* berhadapan, iringan menjadi *Gantungan Jinem slendro pathet nem* dengan instrumen tambahan kecapi dan suling, lalu *ginem*:

RENUKA : *Jamadagni kowe geneya!*  
BARGAWA : *Kanjeng Ibu, Iblis sing lagi wae dakpateni iki mau sapamu!*

RENUKA : *Bargawa kowe kuwi geneya! Apa kowe lali genah kuwi Patih Citrayatna, punggawa Mahespati.*

BARGAWA : *Wengi sepi wancine, kowe wong loro pada andon panyawang, tur ta metu lawang butulan. Cetha yen kowe tumindak selingkuh! Bener.. bener apa kang dikandhakake Prabu Herywadi kae jebule.*

RENUKA : *Bargawa, kowe kuwi guneman apa! Kowe kuwi jaksa panenggak jejeging ukum, kudune ora kena mbabi wuta tumindakmu, njejegake adil nanging uga kudu nraju boboting perkara, ora nyawang samubarang kanthi mripat sesisih.*

BARGAWA : *Banjur kowe klawan Citrayatna duwe perkara apa?*

RENUKA : *Tekane Patih Citrayatna, mung arep mbalekake kancing gelung kang tumiba, awit aku keplayu nedya pinaksa ngladeni nepsune wong kutharaja, rahayune jagad isih mayungi aku banyur aku bisa uwal saka regemane.*

Disaat *ginem*, keluar bayangan Herywadi memanah, iringan menjadi *Srepeg Tembang Tlutur slendro nem*, panah terlepas mengenai Renuka iringan menjadi *Genjengan slendro nem*. Bargawa menoleh kemudian teriak, iringan menjadi *sampak tlutur slendro pathet nem*.

BARGAWA : *Ibu!!!*

Iringan *Sampak Tlutur slendro pathet nem, sirep* iringan menjadi *Gantungan Sirep slendro nem*, kemudian *ginem*:

BARGAWA : *Sapa? Sapa wonge kang wus tumindak culika kuwi!*

RENUKA : *Herywadi*  
BARGAWA : *Iblis tenan !!!*

*Gantungan udhar* menjadi *Sampak Sengguk slendro pathet nem*. Setelah satu *gongan* tampil Risanggeni dari gawang kanan, iringan menjadi *Sirepan Sampak Sengguk slendro pathet nem*, Risanggeni *tancep* di depan Bargawa, kemudian *ginem*:

RISANGGENI : *Oh, kok dadi ngene lelakone ngger, Bargawa. Dak ruktine, dak ruktine dhewe layone garwaku kang ndak tresnani iki.*

*Kayon* menutup iringan *udhar* tampil Risanggeni membopong Renuka dari dalam *kayon* lalu di entas ke gawang kanan, kemudian tampil Bargawa memegang *Parasu*. Iringan *sirep, ginem*:

BARGAWA : *Wa.. Herywadi, lagi wingi aku kok pasrahi mranata lakuning ukum, mateni wong-wong kang tumindak nistha kanthi gaman Parasu iki, nanging geneya dina iki kok dadi gaman iki kok unuske ing dhadhaku. Parat! Tampanana pidanaku Herywadi!*

Bargawa marah menjadi *Sampak Sengguk slendro pathet nem*, kemudian iringan menjadi *Sampak Tlutur slendro pathet nem*. Iringan *sirep*, tampil Bargawa bertemu Herywadi, *ginem*:

HERIWADI : *Oh wong bagus Bargawa.*  
BARGAWA : *Ucapmu manis nanging ngemu wisa, balekake nyawane Sibu!*

Bargawa menendang Heriwadi iringan *udhar*. Bargawa menghajar Heriwadi dua *kelir, kelir* yang ketiga Bargawa memegang kepala Heriwadi dan meletakan kapak di gawang kanan. Bargawa kembali menghajar Heriwadi, yang terakhir Bargawa mengarahkan leher Heriwadi ke bagian kapak dan menancap di gawang kanan iringan menjadi *Srepeg Sudamala slendro pathet nem*. Heriwadi kemudian dibuang ke gawang kiri, iringan berubah menjadi *Sampak*

*Tlutur slendro pathet nem*, Bargawa *tancep* di gawang kiri gedebog bawah, iringan *suwuktampil* Risanggeni dari gawang kanan kemudian *tancep* ditengah *kelir*, iringan menjadi *Srepeg Resepi slendro pathet sanga* dengan tambahan instrumen saxophone, iringan *sirep, ginem*:

RISANGGENI : *Cukup, cukup Bargawa. Yen ngene dadine ateges kowe mung nedya ndeder kacintrakan. Lelakon iki cukup sinandhang ibumu wae.*

BARGAWA : *Bapa Risanggeni. Aja kabeh tumindake wong liya kok ukur klawan pribadimu. Kowe arep manambah nggayuh kasucen kana gayuhen, nanging nyatane donga wae durung bisa nyirep angkara murka. Buktine isih ana punggawa praja kang gelem tumindak nistha, jare wong utama nanging kautaman mung dinggo aling-aling bosoking atine! Aku wis gemang, aku wegah percaya karo sapa wae! Lelakone jagal pati tumeka dina iki kena dadi pangilon, lamun Herywadi pancen pantes diukum kisas!*

RISANGGENI : *Iya, nanging kabeh kudu cinupet, jer Prabu Herywadi wus ngemasi.*

BARGAWA : *Durung cukup!!!*

Iringan menjadi *Gantungan Pundhak Bonang slendro pathet nem, sirep, ginem* :

BARGAWA : *Seksenana dina iki aku bakal nandukake sumpah. aku nedya urip nglembara pepayung angkasa, mlipir saka gebyaring kadonyan kang kebak apus-apus iki. Midana sapa wae kang tumindak ora adil, sabab nyatane ing jagad iki rame kebegan dening manungsa, nanging babar pisan ora ana rasa kamanungsan!*

### Bagian Pathet Sanga

Bargawa di entas ke gawang kiri iringan menjadi *Srepeg Antep slendro pathet sanga*, Risanggeni bayangan membesar lalu menghilang. Bargawa digambarkan emosi sendiri, Bargawa membuang kapak iringan menjadi *Srepeg Resepi slendro pathet sanga*. Bargawa mengambil kapak kemudian *dientas* ke gawang kiri. Tampil bayangan *kayon* membesar di gawang kiri, Bargawa masuk ke dalam bayangan *kayon* iringan menjadi *Lancaran Pocapan slendro pathet sanga*. *Sirep, pocapan:*

*Keplas playuning carita, lumajar hanggung ginancar. Sasedaning Prabu Herywadi, tampuk paprentahan Mahespati lumintir Sang Harjuna Sasrabahu. Mangkana kang nedheng lelironsih lan garwanta Dewi Citrawati.*

Selesai *pocapan* tampil Arjunasasra menggandeng Citrawati, iringan menjadi *Roman Nginanthi slendro pathet sanga*. Gambaran adegan roman Arjunasasra memeluk Citrawati lalu iringan menjadi bentuk *ketawang, sirep, ginem:*

HARJUNASASRA: *Yayi Citrawati sesotya maniking jejantungku. Yagene maksih tidha-tidha, batinmu sajak katarungku emeng. Apa ta kang dadya sanggarunggi wong manis ?*

CITRAWATI : *Sinuwun, mugu diagung pangaksama paduka. Jibeging manah kula mulat taman Sriwedari ingkang sampun saklangkung amboseni. Mendah baya mimbuhi kaendahanipun, menawi karengga lan sato wana kinarya isen-isening taman sari.*

HARJUNASASRA: *Dudu barang kang abot tumrapping narendra Mahespati.*

Arjunasasra bayangan membesar kemudian diikuti oleh Citrawati dan *dientas* ke gawang kanan, dilanjutkan *Ada-ada Klatenan*

*laras slendro pathet sanga*. Arjunasasra tancep di gawang kanan gedebog atas.

Iringan *ompak gender*, dilanjutkan *ginem:*

HARJUNASASRA: *He, Patih Surata, dak jaluk sowanira.*

Iringan menjadi *srepeg slendro pathet sanga*, Surata tampil dari gawang kiri, *menyembah* kemudian *tancep* digawang kiri, gedebog bawah, iringan *sirep, ginem:*

SURATA : *Wonten timbalan amiji sowanipun Patih Surata, Sinuwun.*

HARJUNASASRA: *Dina iki Kanjeng Ratu Prameswari anduweni pamothah, isen-isening wana kinarya rengganing taman sari. Kiraku iki dudu bab kang abot. Ora ketang colok lintang sambung obor, budhalna pra wadyabala lampah pagrogolan.*

SURATA : *Sendika ngestokaken dhawuh.*

*Buka celuk* dalang *Ada-ada Pangkur* kemudian dilanjutkan *Palaran* oleh *wiraswara*.

Iringan *Palaran Pangkur*, Arjunasasra *dientas* ke gawang kanan. Patih Surata *dientas* ke gawang kiri, tampil Kartonadi kemudian *tancep* di gawang kiri, disusul prajurit Mahespati *tancep* dibelakang Kartonadi. Tampil Surata dari gawang kanan, kemudian *ngawe* lalu *tancep* di gawang kanan gedebog atas. Kartonadi dan prajurit Mahespati *menyembah* lalu *dientas* ke gawang kiri. Patih Surata *dibedhol* menghadap ke kanan lalu *ngawe wadya* iringan menjadi *Budhalan Wangen laras slendro pathet sanga*. Tampil *ampyak* dari gawang kanan, *dientas* ke gawang kiri bersamaan dengan Surata. Tampil Surata dari gawang kanan kemudian *tancep* di gawang kiri, iringan *seseg* tampil *ampyak* dan *dientas* ke gawang kiri, kemudian tampil Patih Kertonadi menaiki kuda iringan menjadi *Ladrang Hastakuswalan laras slendro pathet sanga*, selesai naik kuda iringan menjadi bentuk *Lancaran Babat laras slendro pathet sanga*.

Dilanjutkan adegan prajurit *pagrogolan*, tampil hewan-hewan iringan menjadi *Sampak Kidangan slendro pathet sanga*, iringan seseg menjadi *Gantungan Alas slendro pathet sanga*. Tampil Bargawa bertapa iringan menjadi *Kebyaran Laras Slendro Pathet Manyura*, ditumpangi *ada-ada megatruh koor wiraswara*, iringan menjadi *gilakan, sirep, janturan*:

### **Bagian Pathet Manyura**

Kang milaur ambisu sajroning wanadri. Sang Jamadagni ya sang Parashu Rama. Jejeg adeg-adege kaya tugu waja, sarwi angasta pusaka parashu, patrap siyaga njenggureng lir sardula kang angindhik mangsane. Parandene sejatine, pan iku dadya srana tapane sang Jaksa Singanagara. Kaya den reridhu subratane, miyarsa geger sajroning wana, sakala jugar kang ayoga brata, mrepegi pok pucuking karamayan.

Selesai janturan iringan menjadi *Sampak Nrunjang slendro manyura*. Iringan *seseg* menjadi *Srepeg Jangkah laras slendro pathet manyura*. Bargawa bertemu dengan patih Kertonadi. Iringan *suwuk*, dilanjutkan *ada-ada jugag slendro pathet manyura*, lalu *ginem*:

BARGAWA : *Alas sing maune ayem kedadak dadi rame, iki malah ana punggawa praja ngusungi sato wana. Kowe kuwi wong endi?*

KARTONAD : *I lhadalah, bosah-baseh sandhanganmu, cihna lamun kowe wong edan kekalang. Heh sumingkira aja ngalang-alangi lakuku. Aku diutus Sinuwun ing Mahespati, ngupadi buron wana.*

BARGAWA : *Kandhaa marang ratu gustimu, apa paedahe antuk pemarem nanging ancik-ancik kasangsanyaning satowana.*

KARTONADI : *Aja mejang kowe!*

BARGAWA : *Aku kandha kanthi cara becik, yen kowe isih nampik tegese kowe kudu nampa pidanaku.*

Iringan *Sampak Duwung slendro manyura*, perang Bargawa lan *punggawa Mahespati*. *Punggawa* kalah iringan *seseg*. Tampil Surata dari gawang kanan *dientas* ke gawang kanan, dikejar Bargawa dari gawang kiri ke gawang kanan. Tampil Arjunasasra dari gawang kanan, *tancep* digawang kanan, tampil Surata dari gawang kiri, karawitan *suwuk*, *ada-ada manyura jugag slendro pathet manyura*, *ginem*:

HARJUNASASRA: *Patih Surata, keplayu lonjong mimis ana apa?*

SURATA : *Katiwasan Sinuwun, sajroning sami lampah pagrogolan, kedadak lampahing wadyabala cinegat dening tiyang lamong ngawu gawar, para prajurit samya kasoran.*

HARJUNASASRA: *Kaya ngapa manungsane!*

*Sampak Slendro Pathet Manyura*, Bargawa mendatangi Arjunasasra, iringan *suwuk*, *Ada-ada Greget Saut Dhandanggula laras slendro pathet manyura*, lalu *ginem*:

HARJUNASASRA: *Wong mbambung watakmu kepaung hambegmu gumendhung. Apa dosane prajurit Mahespati !!!*

BARGAWA : *Wa.. Wong Mahespati, nglakoni dosa gedhe nanging ora krasa, kaya watake mbahmu biyen. Ngrusak alam, mateni makhluk kang tanpa dosa kuwi kalebu tumindak nalingsir, yen kewan kok pateni banjur isen-isening ndonya bakal jonjing, mahanani bancana lan gawe kapitunaning kawula.*

HARJUNASASRA: *Nyandhak leluhurku, kowe sapa?*

BARGAWA : *Aku Jamadagni, ya Parashu Rama. Mandhega anggonmu srakah dhakah-dhakah. Alam iki kudu rineksa aja dirusak kanthi watekmu kang ngethawa kuwi!!!*



HARJUNASASRA: *Kowe Jamadagni, Jaksa Singa Negara kang nyedani kanjeng eyang biyen.*

BARGAWA : *Aku ora mateni mbahmu nanging nyirep angkara murkane.*

HARJUNASASRA: *Jajilaknat kowe, aku kang bakal sabelapati!*

BARGAWA : *Dijak becik isih mbeguguk, gamanku kang bakal ngrampung!!!*

Iringan *Mangsa Yuda laras slendro pathet manyura*, perang Harjunasasra, Bargawa kalah menjadi *sampak slendro manyura*, Harjunasasra mati menjadi *sampak Gawang slendro manyura*. Karawitan menjadi *Gantungan Lunem slendro manyura*, narasi, dilanjutkan *ginem*:

*Raga lungse wus lalu lelangen ing karamayan, netranira andhik lir sekar ngatirah murup asorot rekta. Angrungkebi bener nut lan laksitaningtyas, kekalang marga keli alun prandene tan larut.*

BARGAWA : *Aku Parashu Rama, lumantar gaman kang dak gegem iki, bakal tinancep jejeg gegaraning adil. Supaya manungsa pada weruh lan idheping kamanungsan.*

Selesai *ginem*, iringan menjadi *Ngudi Mulya laras slendro pathet manyura*, dua *kayon* digerakan bersamaan dan *tancep* bersamaan dengan habisnya iringan.

### Penutup

*Lakon* berjudul *Parashurama* mengisahkan perjalanan hidup Rama Bargawa yang ada dalam kebimbangan di antara dua pilihan, konflik yang timbul adalah tentang ujian kesetiaan. Rama Bargawa merupakan satu tokoh yang harus berani mengambil keputusan di antara dua pilihan. Pada dasarnya pilihan itu tidak ada yang benar atau salah, hanya saja ketepatan pilihan itu menjadi dasar kuat untuk menanggukhidupnya. Sikap bela negara atau setia terhadap negara adalah sesuatu yang

wajib, akan tetapi kasih sayang kepada orang tua juga merupakan hal yang sangat wajib. Disinilah ketegaran dan keteguhan hati Rama Bargawa diuji. Berada di tengah kebijakan ratu yang simpang siur menjadikannya kalut dalam menentukan langkah, pada akhirnya pilihan itu akan muncul ketika terdesak oleh keadaan, meskipun pilihan itu salah atau benar maka sudah tidak dipertimbangkan lagi.

Memilih itu memang sesuatu yang berat, tetapi seseorang diharuskan untuk memilih. Dengan sedikit mengesampingkan rasa egoisitas dalam diri manusia kelak mampu mematahkan pertanyaan-pertanyaan dalam sebuah pilihan tersebut. Bahwasanya hidup adalah misteri yang selalu dihadapkan pada pilihan-pilihan. Kesetiaan terhadap sesuatu, baik orang lain atau keluarga menjadi hal yang mendalam, karena itu semua tidak ubahnya seperti *dharma*. Kewajiban dalam hidup, keharusan dalam melangkah, dan kepentingan dalam suatu masalah.

### DAFTAR PUSTAKA

- Agus Lestyono, Getnu. 2014. "Sanggit dan Garap Lakon Banjaran Rama Bargawa Sajian Pakeliran Sigit Ariyanto dan Purbo Asmoro." Skripsi S-1 Program Studi Pedalangan ISI Surakarta.
- Darsomartono, S. 1978. *Sulukan Ringgit Purwo Wacucal Cengkok Mangkunegaran*. Surakarta: Yayasan PDMN Surakarta.
- Harghana, SW. Bondhan. 1998. *Serat Ramayana Reroncening Balungan Pakem Cariyos Ringgit Purwo*. Surakarta: CV. Cendrawasih.
- Husni, Said Musnadi dan Faisal. 2018. *Jurnal Magister Manajemen Fakultas Ekonomi dan Bisnis Unsyiah Volume 2 "Pengaruh Lingkungan Kerja dan Motivasi Terhadap Kepuasan Kerja Serta Dampaknya Terhadap Loyalitas Kerja Pegawai Rutan di Provinsi Aceh (Studi Kasus Pada Rutan Klas IIB Banda Aceh dan Rutan Klas II B Jantho)*. Aceh: Fakultas Ekonomi dan Bisnis, Universitas Syiah Kuala.



Padmosoekotjo, S. 1984. *Silsilah Wayang Purwa Mawa Carita Jilid 1*. Surabaya: Cv. Citra Jaya.

Senawangi. 1999. *Ensiklopedi Wayang Indonesia Jilid 1*. Jakarta: Sekretariat Nasional Pewayangan Indonesia.

Sudarko. 2003. *Pakeliran Padat: Pembentukan dan Penyebaran*. Surakarta: Citra Etnika Surakarta.

Sunardi. 2013. *Nuksma dan Mungguh: Konsep Dasar Estetika Pertunjukan Wayang*. Surakarta: ISI Press.

Suryasaputra, Ki. 1983. *Serat Pustakaraja Purwa Jilid X*. Koleksi Perpustakaan Prodi Pedalangan ISI Surakarta, No. 791.5 Ser.

Sutrisno. *Teks- Verklaring Sulukan Pedalangan*. Naskah ketikan, tidak diterbitkan.

### **NARASUMBER**

Bambang Suwarno. (70 thn), kreator wayang, dalang profesional, dan Dosen Purna Tugas pengajar Prodi Pedalangan ISI Surakarta. Jln. Sungai Musi No. 34, Kelurahan Sangkrah, Kec. Pasar Kliwon, Surakarta.

Manteb Soedarsono. (72 thn), Empu Paripurna Prodi Pedalangan ISI Surakarta, dalang profesional. Dsn. Doplang, Desa. Sekiteran, Kec. Karangpandan, Kab. Karanganyar.

Sunarno Duto Dipraja. (63 thn), guru pedalangan di PADHASUKA, mantan pengajar Prodi Pedalangan SMKN 8 Surakarta. Kel. Semanggi, Kec. Pasar Kliwon, Surakarta.

Purbo Asmoro. (59 thn), dalang profesional dan dosen aktif Prodi Pedalangan ISI Surakarta. Gebang, Kadipiro, Kec. Banjarsari, Surakarta.

### **DISKOGRAFI**

Ariyanto, Sigid. 2019. *Wayang Kulit Ki Sigid Ariyanto Lakon Rama Bargawa Full*. Dalam rangka Festival Dalang Muda Indonesia tahun 2008 bertempat di Taman Budaya Yogyakarta.

<https://www.youtube.com/watch?v=0zr6Ijfrg-I>, diakses 18 September 2020.

Ariyanto, Sigid. 2018. *Ki Sigid Ariyanto Lakon Banjaran Rama Bargawa*. Doc. Honocaroko pada tahun 2008 diselenggarakan di Taman Mini Indonesia Indah, Kota Jakarta Timur, DKI Jakarta.

<https://www.youtube.com/watch?v=fhmc2j3spU>, diakses 25 September 2020.

Asmoro, Purbo. 2018. *Banjaran Rama Bargawa*. Dalam rangka acara bersih Desa. Bakaran Weta, Kec. Juwana, Kab. Pati pada tahun 2013. <https://www.youtube.com/watch?v=Sg94IjpKJXM>, diakses 20 September 2020.

Soedarsono, Manteb. 2020. *Ki Manteb Soedarsono Lakon Geger Ayodya*. Doc. Honocoroko 1994.

<https://www.youtube.com/watch?v=tbjmJquJ0V4>, diakses 26 September 2020.

